# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# परमेश्वर की ओर से भेजल एगो पुरुष

लेखक: Edward Hughes
अनुवादकः सुरेश मसीह
ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus
अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

कहानी 37 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri







"हमनी से बात करअ, जकारिया बोलअ।" बाहर लोग जाने खातिर हैरान रहलें।
3
उ लोग ना जानत रहलें कि गब्रियल, परमेश्वर क दूत जकारिया से बात कइले बाड़े, प्रभु की संदेश पर विश्वास ना कइला की कारण, बच्चा की जन्म तक बात कइला में असमर्थ रहबअ; उ सोचलन कि उनकअ पत्नी बच्चा जने खातिर बहुत बूढ़ हो गइल बाड़ी।
4
घर में, जकारिया उ सब लिखलें जेवन स्वर्गदूत उनसे बतवले रहलन। एलिजाबेथ, उनकर पत्नी, चकित रहली। उ हमेशा एगो लइका खातिर प्रार्थना करत रहलन जा। का ई अब हो सके ला?
5
जल्दी ही एलिजाबेथ के मालूम हो गइल कि उ गर्भवती बाड़ी । उ परमेश्वर क स्तुति कइली। एक दिन, एलिजाबेथ क चचेरी बहिन मरियम उनकर दौरा कइली। मरियम भी एगो लइका के जनम देबे वाली रहली।
6
जइसे ही मरियम पहुंचली, एलिजाबेथ महसूस कइली कि लइका उनकरा पेट में उछलल हअ। एलिजाबेथ पवित्र आत्मा से भर गोइली। उ जान गोइली कि मरियम क बेटा ही प्रभु यीशु मसीह होईहन। दूनो महिला आनंद की साथ परमेश्वर क बड़ाई कइली।
7
परमेश्वर की वादा की अनुसार एलिजाबेथ की लइका क जनम भईल। अन्य याजक लोग कहलें, "पिता की तरह बेटा के भी, जकारिया की नाम से ही बोलावअ जा।" जकारिया परमेश्वर क दिहल आज्ञा याद कइलन। "नाहीं! ए लइका क नाम यूहन्ना हअ।" जैसे ही जकारिया उ बात के लिखलन, उन कर बाणी वापस आ गइल; फिर उ परमेश्वर क प्रशंसा कइलन।
8


जब यूहन्ना बड़ भइलन तब उ एलिय्याह की समान, परमेश्वर क महान आदमी भइलन। यूहन्ना, लोगन के बतवलन कि उन सबके आशीर्वाद देबे खातिर, मसीह जल्दी ही आवत बाने। यहूदी अगुवन के यूहन्ना से नफरत रहे; काँहे से कि उ सबसे कहलन कि, "मन फिरावअ! पाप करल बंद करअ" उ सब अपनी पापन की बारे में सुनल ना चाहत रहलें।
9


लोग उनके यूहन्ना बपतिस्मा देबे वाला की नाम से बोलावत रहलें; काँहे से कि उ देखावे खातिर उनसब के उनकी पापन की क्षमा खातिर, सबके पानी क बपतिस्मा देत रहलन। एक दिन, यीशु मसीह खुद बपतिस्मा लेबे खातिर यूहन्ना की पास अईलन।
10


"आपके त चाँही कि हमके खुद आप बपतिस्मा देईं," यूहन्ना विरोध जतवते हुवे कहलन। लेकिन यीशु मसीह कहलन कि, "अइसने होखे द" अउर उ यूहन्ना से बपतिस्मा लिहलन।
11


'यीशु की बपतिस्मा की बाद, यूहन्ना पवित्र आत्मा के एगो कबूतर की रूप में यीशु पर उतरत देखलन। ई परमेश्वर क संकेत रहल। यूहन्ना जानत रहलन कि यीशु परमेश्वर क बेटा हउवन। यूहन्ना, यीशु के दुनिया की पाप के दूर ले जाये वाला *(हरे वाला)* मेम्ना कहलें।
12


यूहन्ना, बहुत सारे लोगन के परमेश्वर की पास लीयवनअ। लेकिन हेरोदेस, दुष्ट शासक, यूहन्ना के जेल में डलवा दिहलन। यूहन्ना हेरोदेस के चितवले रहलन कि, "हेरोदिया के, जेवन तोहरी भाई क पत्नी हई ओके आपन मेहरारू बनाके रखल एगो पाप हअ।"
13


हेरोदेस के ई सच्चाई मालूम रहे कि यूहन्ना, परमेश्वर क सेवक, एगो धर्मी अउर पवित्र आदमी हउवें। लेकिन उ पाप कइल बंद ना करल चाहता रहलन। अउर यूहन्ना पाप की खिलाफ उपदेश दिहल बंद ना करल चाहत रहलन, भले ही जेल भी जाये के पड़े।
14













परमेश्वर की ओर से भेजल एगो पुरुष

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मरकुस ६, लूका १, ३

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !